



## FICH ENFÒMASYON #15

### RAD ak Anplwa Rezidan (Seksyon3)

Tout kontriksyon ki fèt nan kad RAD sijè a “Seksyon 3” ki gen kòm priyорite bay rezidan yo travay epi atribye kontra yo a antrepriz ki anplwaye moun k ap resevwa sèten tip asistans finansye HUD.

#### Èske rezidan yo ap gen pou travay nan reparasyon biling nou yo?

Nan kad pwosesis konvèsyon Demonstrasyon Asistans pou Lokasyon an (RAD) ekip devlopman k ap fè reyabilitasyon ak travay konstriksyon nan biling ou an **oblige priyorize fòmasyon ak opòtinite travay pou rezidan yo**, alafwa pou travay konstriksyon tanporè ak pou pòs pèmanan. Egzijans sa a rele Seksyon 3.



#### Kisa Seksyon 3 ye?

Seksyon 3 vle di Atik 3 Lwa 1968 la sou Lojman ak Devlopman Iben, ki te tabli egzijans pou pwojè yo peye pou yo avèk fon federal priyorize fòmasyon, anplwa ak opòtinite kontrapou moun k ap viv nan lojman ki gen asistans (tankou lojman publik oswa Seksyon 8 ki baze sou pwojè) oswa k ap resevwa koupon asistans, lòt moun soti nan revni ba rive nan revni trè ba, antrepriz ki pou moun soti nan revni ba rive nan revni trè ba.

**Rezidan** ki enkli dapre Seksyon 3, ki dwe benefisyé ak opòtinite travay gen ladan yo:

- Rezidan lojman kote y ap itilize finansman an
- Rezidan oswa lòt lojman ki jere pa otorite lojman publik la (PHA)
- Rezidan lojman publik oswa lojman ki gen asistans dapre Seksyon 8 la
- Patisipan nan pwogram YouthBuild yo  
(ki fòme jèn yo pou travay nan djòb ki gen rapò ak konstriksyon)
- Yon moun ki gen revni ba oswa revni trè ba k ap viv nan reyon metropolitèn nan oswa nan konte kote y ap depanse lajan finansman an (Yo defini moun ki gen revni trè ba nan kad lojman ki antre jiska 50% Revni Medyan Rejyon an (AMI). Yo defini revni ba kòm revni ki reprezante jiska 80% Revni MedyanRejyon an. Pou wè AMI pou reyon w nan, ale nan: <https://www.huduser.gov/portal/datasets/il.html>. W ap seleksyone ane a, “Access Individual Income Limits Areas” (Aksede a Limit Revni Endividiyèl Rejyon yo), epi chwazi eta ak konte w la).

**Antrepriz ki** kouvri dapre Atik 3 yo, ki dwe benefisyé priyorite pou opòtinite kontra yo, se sila yo ki satisfè **omwen youn** nan kritè sa yo:

- Antrepriz ki posede a omwen 51% pa moun ki gen revni trè ba, tankou rezidan lojman piblik o swa lojman ki gen asistans dapre Seksyon 8 la; oswa
- Moun ki gen revni ba oswa revni trè ba yo founi 75% èdtan travay pou antrepriz yo.



### Kijan m ap fè Okouran de Opòtinite Fòmasyon ak Anplwa yo?

Ekip devlopman ki pral fè reyabilitasyon ak/oswa travay konstriksyon yo nan biling ou an dwe enkliyon **plan pou fòme ak anboche rezidan yo** nan kad pwopozisyon li pou PHA. Jesyonè pwopriyete a nan biling ou an oblige avize rezidan yo konsènan tout opòtinite fòmasyon ak anplwa sa yo. Rezidan yo dwe poze kesyon sou opòtinite anplwa potansyèl yo nan reyinyon PHA òganize yo.

